

Xootal

Sartu njitu rewmi ndax tenk
Lu jemm ci yaru ci dakkoor-bi
Ngir bokk, diggente gan-bi ak
Rewmi, bu nekk ci artikel nent (4) bis,
comma naar, ci jubo bu tenku nekkinu
gan-bi, lu nga xamne dekkre falu bu
naar fukki fann ak jurom ci weeru
sullie (25-7) attu 1998, n° 286.

Goxu feexlu askan ak doxadem

www.libertaciviliimmigrazione.dlci.interno.it

Jawrin bu yoor biiru rew

www.interno.it

<http://accordointegrazione.dlci.interno.it>



DAKKOOR

Ngir bokk



➤ Lan moi Dakkoor ngir bokk

Dakkoor- bi jumentukaila ngir yombal lu bokk-lo gan-bi. Ci jeefandiku dakkoor-boobu, gan-bi warna farlu ngir Mana daab luko mana bokk-lo ci diru kaitu deekkuway Bumu yor.

-Degge bubax lak Italy

-Xam sen ciossan

-Nangu jangal sei doom yu ndaw

Rewmi dina taxaw ngir bokk-lo gan –bi.

➤ Kan moi bindu ci dakkoor boobu

Gan-bu nga xamne:

-ya ngi sooga duggu rew Italy

-Ku am kaitu deekkuway bu geenuta suufe at.

-Ki nga xamne eppna fukki at ak jurom benna

-nu nekk ci fukki at ak jurom benna ba fukki at ak jurom

neet,bulen seeni wajjur valla kulen nekkal bindulu ci dakkoor-bi.

➤ Kan mo waruta bindu ci dakkoor boobu

Gan-yu.

-Yor jangaro valla gnu silmaxa ba dunu manal daara sen bopp,dunu jang lak-bi valla xam ada rewmi.

-Nu nga xamne denulen torroxal valla yektan.

-Xale yu am fukki at ak jurom benna.

➤ Fan lanui bindu

Bindu ci dakkoor-boobu moongi am ci prefetture buntu bu nu ubbil gan-yu duggu Italy ngir liggeey, valla dabb si seeni wajjur valla joote borom deryi bude amna luko waral.

➤ Lan moi am boo bindu

Ci kaitu bindu dina am fukki tenk ak jurom benna, diru netti weer bu fekke seedel nga dakkoor-bi,dina nu woo gan-bi ngir jangal ak xamal ko ni nui dunde Italy, bu neewule manna nakk fukki tenk ak jurom.

➤ Naka lanui aj valla dandal dakkoor-boobu Booko laje

Dakkoor –boobu mannanuko aj valla dandal buko gan-bi laje,valla woone kait yu war.

-Amul weergu yaram valla nakk jubbo aki mbokkam

-Ngir liggeey.

-Mba mu nekk di jang luko mana jox liggeey.

-Valla mui jang bitim rew.

➤ Gestu dakkoor-bi

Ci benna weer bala dakkoor-bi di jex, benna buntu dina seet ndax man nga bokk. Dina nu woo gan-bi ngir mu endi kait yumu yor.

Gan-yu dekk goxu Bolzano dinanu seet ndax degg nanu lakk Almand. Bufekke amul kait yu mu mana woone, gan-bi manna woone degg degg bu mu am ci lakk Italy ak xam xam bumu am ci sen ada.

Valla nunui dundu ci Italy, ngir nekk ci dakkoor-bi.

Lu tax nui gestu moi.

-Leeral dakkoor-bi (faniweer:30 tenk ak lu epp)

-Lui dandul dakkoor-bi diru at, bufekke gan-bi motalul tenk yunuko laj ci benna :1 ba naarifuk ak jurom nent:29.

-Lan mo tere dakkoor-bi: bufekke gan-bi aggul fi nga xamne manna bokk. Dinanu nangu kaitu deekkuwayam, dinanuko genne rewmi. (Tenk bu yem ci 0 valla mag bu yem ci 0.)

➤ Gestu (on line) rewmi ngir dakkoor-bi

Gan-bi manna gestu ci internet,ci deekkuway

<http://accordointegrazione.dlci.interno.it> ci diru dakkoor-bi.

-Tenk yu neek.

Waxtu bunu woote ngir xam,ci lu tax . ci waxtu bindu ci dakkoor-bi

dinanu jox gan-bi ai firndel ngir mu mana duggu on line.